imzoladi.

Qoraqalpog‘iston Vazirlar Kengashining 1990-yil 31-maydagi 130/5-sonli qarori bilan “Davlat tili to‘g‘risida”gi qonunni amalga oshirish bo‘yicha Davlat dasturi qabul qilindi.

1989-yilda mamlakat hal qiluvchi burilish nuqtasida edi. Odamlar normal inson hayotini xohladilar, vaziyatni barqarorlashtirish, jamoat tartibini himoya qilish, har bir inson xavfsizligini kafolatlash tarafdori edilar. I.A.Karimov 1990-yil 24-fevralda Toshkentda SSSR, O‘zbekiston SSR, mahalliy Kengashlari deputatlari, jamoatchilik vakillari ishtirokida bo‘lib o‘tgan yig‘ilishda so‘zlagan nutqida “Buni tezroq amalga oshirish uchun barcha imkoniyatlarni ishga solish muqaddas burchimiz” [3].

1989 va 1990-yillar oxirida amalga oshirilgan respublika rahbariyatining chora-tadbirlari aholining kam ta’minlangan toifalariga ijtimoiy yordam ko‘rsatish, xususan, ko‘p bolali va yolg‘iz onalarga beriladigan nafaqa va to‘lovlarni oshirish, yangi ish o‘rinlari yaratish, qishloq aholisining tomorqa yerlari va tomorqa yerlarini kengaytirish; uy-joy qurish uchun qo‘shimcha yer ajratish, kichik yoshdagi maktab o‘quvchilari uchun bepul nonushta joriy etish, qishloq xo‘jaligi ishlari narxlarini oshirish, ayniqsa paxta xom ashyosini mashina va qo‘lda terish uchun to‘lovlar, barcha toifadagi pensionerlarning pensiyalari va ishchilarning ish haqini oshirish va boshqalar, aholi turmush darajasining pasayishini sezilarli darajada sekinlashtirdi.

## Adabiyotlar


1. Новейшая история Узбекистана / Под ред. М.А.Рахимова. –Ташкент: «Адабиёт учкунлари», 2018. С. 38.
2. Ўзбекистоннинг янги тарихи. Иккинчи китоб. Узбекистон совет мустамлакачилиги даврида. –Ташкент: «Шарк», 2000. –С. 568; Qoraqalpogiston davlat arxivi, 322-fond, 12-ruyxat, 67-ish, 127-varoq.
3. Ислом Каримов. Узбекистан на пороге достижения независимости. –Ташкент: «Узбекистан», 2011. –С. 11.
4. Ата-Мирзаев О.Б., Гентшке В.Л., Муртазаева Р.Х. Узбекистан многонациональный: историко-демографический аспект – Ташкент: 1998. –С. 15.
5. Кощанов Б.А., Аметов Т.А. Очерки новейшей истории Республики Каракалпакстан. –Н.: «Каракалпакстан», 2015. –С. 11.
6. Qoraqalpogiston davlat arxivi, 322-fond, 13ruyxat, 78-ish, 92-varoq.



**REZYUME.** Maqolada Qoraqalpog‘iston tarixi burilish pallasida: “paxta biznesi”ning fojiali voqealaridan keyin hokimiyat tepasiga milliy kadrlar kelganida yoritilgan. Mualliflar eng yangi adabiyotlar va arxiv manbalariga tayangan holda xalqimizning ushbu dramatik sahifalarini qayta tiklaydi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье освещается история Каракалпакстана в переломный момент: когда к власти пришли национальные кадры после трагических событий «хлопкового дела». Авторы на основе новейшей литературы и архивных источников восстанавливают эти драматические страницы нашего народа.

**SUMMARY.** The article highlights the history of Karakalpakstan at a turning point: when national cadres came to power after the tragic events of the “cotton business”. Based on the latest literature and archival sources, the authors restore these dramatic pages of our people.


**UDK. 78-79;(20-21) 2023**

# QARAQALPAQ MILLIY SAZ ÁSBAPLARINIŃ RAWAJLANIW TARIYXI

**M.Esanov** – *oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** cholg‘u asboblari, doston, baxsi, qo‘biz, milliy rang, ijro san’ati.

**Ключевые слова:** музыкальный инструмент, дастан, баксы, кобыз, национальный колорит, исполнительское мастерство.

**Key words:** musical instrument, dastan, buksy, kobyz, national color, performing arts.

Qaraqalpaq xalqı eski xalıqlardıń biri bolıp, Orta Aziyadaǵı basqa xalıqlar sıyaqlı óziniń bay tariyxına, sonday-aq, óz zamanına ılayıqlı joqarı mádeniyatına iye bolǵan xalıqlardıń biri bolıp esaplanadı. Kóp ásirlik tariyx betlerine názer awdarsaq, qaraqalpaq xalqı óz turmıs tirishiliginiń kórinisi sıpatında túrli janrlarda bay ádebiyat miyrasına, salt-dástúr jırlarına, milliy saz hám qosıqlarına, batırlıqhám ashıqlıq dástanlarına, túrli mazmundaǵı awızeki dóretpelerine sonıń menen bir qatarda óziniń milliy saz ásbaplarına bay xalıq ekenligin kóremiz. Bul miyraslardıń barlıǵı xalıqtıń, millettiń milliy baylıǵı, biybaha ǵáziynesi bolıp sanaladı.

Qaraqalpaq xalqı Orta Aziya elleri qatarında erte zamanlardan baslap-aq óziniń kóp tarawlı sarqılmas bay muzıka mádeniyatına iye ekenligi málim. Qaraqalpaq muzıka mádeniyatınıń joqarı dárejede rawajlanıp, biyik shıńlarǵa jetiwinde milliy saz ásbaplarımız ázelden salmaqlı orın iyelep kelgen. Bay ǵáziynemiz bolǵan milliy saz ásbaplarımızdıń payda bolıw saǵası b.e.sh. IV ásir hám eramızdıń I ásirine tiyisli ekenligin ilim tastıyıqlaydı. Kóplegen arxeologiyalıq izertlewler nátiyjesinde úlkemizdiń bir qansha eski qalalarınan, máselen Qoyqırılǵan qaladan hám b.e. III ásirine tiyisli Topıraq qaladan múyeshli arfanıń súwreti salınǵan fragmentlerdiń tabılıwı sol dáwirlerden-aq, xalıqtıń saz-sáwbetke bolǵan ıqlasınan derek beredi hám saz ásbaplardıń payda bolıw dáwirin anıqlawda anıq dáliyl bola aladı.

Rus ilimpazı S.P.Tolstov basshılıq etken Xorezm ekspediciyasınıń aǵzası, kóp jıllardan beri muzıka ásbapları boyınsha izertlew jumısları menen shuǵıllanıp kiyatırǵan ilimpaz R.L.Sadokov óziniń bir qansha bahalı pikirlerin aytıp ótedi: «Qoyqırılǵan qaladan tabılǵan múyeshli úlken arfa sıyaqlı duwtar qálpindegi ásbaptıń Orta Aziyanıń antik dáwirine tán bolǵan kórinisi eń dáslepki hám búgingi kúndegi birinshi gúwası bolıp tabıladı. Bunnan tısqarı ol ulıwma Orta Aziyalı arfanıń kútá ertedegi kórinisi bolıp esaplanadı. Eń áhmiyetlisi – bul eki jaǵdayda da Xorezmniń joqarı dárejedegi názik muzıkalıq mádeniyatqa iye bolǵan el ekenligin kóremiz» [1:80-82].

Bul tabılma Orta Aziyanıń bárshe xalıqları qatarında biziń qaraqalpaq xalqınıń da erte zamanlardan baslap-aq óziniń kórkem ónerine, joqarı dárejedegi bay muzıka mádeniyatına iye bolǵanlıǵınan derek beredi. Biraq, sol dáwirlerde xalıqtı jawlap alǵan arab basqınshılarınıń háreketleri muzıkaǵa tán ásbaplarımızdıń bir qansha waqıt dawamında xalıq arasında kózge kórinbey ketiwine sebep boldı. Olar bárshe saz-ásbaplarımızdı hátte olardı xalıqqa inam etetuǵın atqarıwshıları menen birge joq qılıp jibergen edi.

Arablar Orta Aziyanı jawlap alǵannan keyin Islam dini menen burıńǵı barlıq mádeniy baylıqlardı sıpırıp taslawǵa urınıp, sazdı «shaytannıń isi, elge apat keltiredi»,-dep xalıqtıń kewil kóterip, erkin ómir súriwin qadaǵan etti. Bul tuwralı marhum Juman baqsınıń hayalı Biybiraba Juman baqsıdan esitken ańızın bılayınsha gúrriń etedi: «Erte zamanlarda Buxara amiriniń qol astında jasawshı xalıqlarǵa sháriyattıń kórsetiwi boyınsha saz shertip, qosıq aytqan adam dozaqıy, kimde kim saz shertip qosıq aytsa, ózi ólimdar, malı patshalıq», - dep húkim shıǵaradı. Usı qadaǵan etiwshilik jaǵdayında saz sáwbetsiz xalıqtıń bir qansha toy-merekeleri de ótedi. Biraq, saz sáwbetsiz ótken toylar kewilsiz óte beredi. Bunnan ábden shıdamı ketken xalıqtıń ishinen Ǵayıp shayır degen kisi qolına duwtarı menen xannıń datxasına barıp:

Saz benen sáwbetti yalǵan demeńler,
Adam ata binyat bolǵanda bardı,

Abıl-Qabıl enesiniń qarnında,
Olar hám dúnyaǵa kelgende bardı.

- dep usı qosıqtı sazǵa qosıp aytıp, xannan bul húkimdi tárk etiwin ótinipti. Sonda kóp waqıtlardan berli saz esitpey, qulaǵı pitip júrgen xan shayırdıń dawısına balqıp ketip, oǵan taǵıda atqarıwǵa buyrıq beripti [2:127].

«…Arab basıp alıwshılıǵı arfa ásbabı ushın da kútá qáwipli boldı, biz XV-XVII ásirlerde bunnan bóten arfanıń basqa birde kórinisin taba almaymız, onnan keyin ol Orta Aziyalı miniatyuralarda azǵana waqıt taǵı kórinedi de sońınan pútkilley joq bolıp ketedi» [3:76]. Arfa ásbabı shama menen XVIII ásirge shekem Xorezm xalıqları arasında ómir súrip, bunnan keyingi dáwirde bul saz ásbabı xalıq arasında paydalanıwda pútkilley shetletilip, bul ásbaptıń ornına túrli kórinistegi qolaylıqlarǵa iye bolǵan ásbaplar payda bolıwı múmkin degen boljawlarǵa kelemiz. Máselen kóp jıllar dawamında qaraqalpaq hayal qızları tárepinen atqarılıp búgingi kúnge shekem jetip kelgen shıńqobız ásbabı da usı arfa ásbabınıń negizinde júzege kelip, sonnan dóregen degen boljawlar payda boladı.

Ázelde muzıkalıq ásbaplar haqqında, olardıń payda bolıwı, dúzilisi, dawıs tembiri haqqında watanımızdıń kóp ǵana ilimpazları ózleriniń bahalı pikirlerin bildirgen. Bular qatarında medicina hám basqa ilimlerde de óziniń neshe mıń jıllıq miynetleri menen óshpes iz qaldırǵan ullı ilimpaz Abu Ali ibn Sino óziniń «Shıpa kitabı», «Bilim kitabı», «Muzıka ilimi haqqında risola» h.t.b. miynetlerinde kóplegen ilimiy pikirlerin atap ótken. İlimpazdıń atap ótiwinshe: «Tarı qanshelli uzın bolsa, dawıs sonshelli pás shıǵadı. Kerisinshe tarı qanshelli qısqa bolsa, dawıs sonshelli bálent shıǵadı. Dawıslardıń bálent yamasa pás bolıwı úplep shertiletuǵın ásbaplar kanalınıń diametrine de baylanıslı boladı» dep kórsetedi [3:97].

Ullı danıshpan hám ilimpaz Abu Ali ibn Sinonıń joqarıda aytıp ótilgen muzıka tarawındaǵı bul bahalı pikiri pútkil Orta Aziya hám shıǵıs xalıqları muzıka mádeniyatınıń erte dáwirlerden beri muzıka ilim sıpatında júzege kelip, qáliplesip kiyatırǵanlıǵın tastıyıqlaytuǵının kóremiz. Bul pikirler búgingi kúnge shekem neshe mıń jıllar dawamında muzıka teoriyasında óziniń salmaqlı orının iyelep kelgen.

Qaraqalpaq xalqınıń arasında ázelden saz hám qosıqlar keń en jayǵan bolıwına qaramastan tiykarǵı milliy saz ásbaplarımız kópshilikti quraǵan emes. Bular arasında tartqıshtıń járdemi menen shertiletuǵın tarlı ásbaplardan qobız hám girjek, barmaq penen shertiletuǵın ásbaplardan duwtar hám shıńqobız, úplew arqalı shertiletuǵın – balaman, sırnay, úshpelek hám urıp shertiletuǵın ásbaplardan dáp ásbapları bizge shekem jetip kelgen.

Ásbaplar arasında bay tariyxqa iye qobız, duwtar, balaman, shıńqobızlar qaraqalpaq xalqınıń milliy saz ásbapları bolıp, bunnan basqaları bolsa basqa tuwısqan xalıqlar muzıka mádeniyatınıń tásiri astında bizge shekem jetip kelgen bolıwı itimal. Biraq, bul degeni bunnan aldın qaraqalpaq xalqı arasında basqa da ásbaplardıń túrleri bolmaǵan yamasa qáliplespegen degen pikirlerdiń júzege keliwi múmkin emes. Sebebi, dáwirler jıljıwı dawamında neshe bir joqarıda keltirip ótken arfa sıyaqlı yamasa basqa da saz ásbaplardıń talay túrleri payda bolıp ketkenliklerine hesh qanday gúman keltirip shıǵarmaydı [4:216].

**Tarlı saz ásbaplar toparı. Qobız.** Qaraqalpaq xalqı arasında kelip shıǵıwı jaǵınan eń eski, xalqımızdıń qanshadan qansha tariyxıy waqıyalarınıń gúwası, muzıka mádeniyatımızdıń altın ǵaziynesi bolıp qádirlenetuǵın milliy saz ásbaplardıń biri – qobız. Dereklerge qaraǵanda qobız ásbabı VI ásirlerde payda bolǵan. Qobız ásbabı tek qaraqalpaqlarǵa ǵana tán bolıp qalmastan, basqa da kóplegen shıǵıs xalıqlarında solar qatarında: qazaq, qırǵız, ózbek, uyǵır, ulıwma túrk tilles xalıqlarınıń kópshiliginde, sondayaq, povoljiya, kavkaz átirapında xalıqlar, Sibir, Orta Aziya, ukraina qobızları (bandura) h.t.b. xalıqlarda da ushırasadı.

Qobız bul xalıqlar arasında ózine tán qásiyetke iye bolǵan hám hár qıylı atlar menen atalǵan. Yaǵnıy qazaq xalqında bul ásbap qol qobız dep ataǵan, shamanlarda bul ásbaptıń bas bólimi hár qıylı pópek, pár sıyaqlı bezekler taǵılıp qoyılatuǵın bolǵan hám ásbaptıń tostaǵanı ishinde kishkene aynashası bolǵan. Bul xalıq arasında qobız ásbabı «qaraqobız» hám «narqobız» dep te atalǵan. Bunday dep atalıwı da ózine tán mánis mazmunǵa iye bolǵan. Yaǵnıy qara reń qanday da bir ullılıqtı, nar sózi bolsa úlken degen maǵananı ańlatqan. Qazaq xalqında qobız shamanlardıń eń jaqın járdemshi ásbabı bolǵan. Olardıń kúndelikli turmıs tárizinde bul ásbap úlken áhmiyetke iye bolǵan [5:90].

Qobız ásbabın esitkenimizde onıń dawısı erksiz erte tariyxtı kóz aldımızǵa keltiredi. Bul ásbaptıń tembiri basqa áspablarda ushıraspaytuǵın tábiyiy ses kólemine iye. Erte dáwirlerde qobız ásbabı júdá joqarı dárejede ulıǵlanǵan. Hátteki ápiwayı qarapayım xalıq qobızǵa qol tiygiziwge de qorıqqan. Sebebi, bul saz ásbabın sonday iláhiy dep bilgen. Al, onı atqarıwshılardı bolsa qúdiretli insanlar dep túsingen. Eski ańızlarǵa qaraǵanda qobız sesti, onıń namaları hár qıylı awırıwlardı, jin-jıpırlardı, hátteki ólimdi de qashırıw kúshine iye bolǵan delingen.

Qobız ásbabı óziniń quramı, dúzilisi, jırawlardıń atqarıw sheberligi, bunnan tısqarı basqada tariyxıy dereklerge názer awdaratuǵın bolsaq, ol júdá áyyemnen kiyatırǵan eski ásbap bolǵanlıǵınan derek beredi. Sebebi, bul ásbap haqqında kóp ǵana ilimpazlarımızdıń miynetlerinde keltirip ótilgenlerin kóriwimiz múmkin. Máselen, «XI ásirdiń ullı ilimpazı Maxmud Qashqariy óziniń «Devonu luǵatit-turk» atlı miynetinde muzıkalıq ásbaplardan qobız (I tom 450 bet. Tashkent, 1960), sıbızǵı (I tom 390 bet. Tashkent, 1960), karnay (III tom 259 bet. Tashkent, 1963) ásbaplarınıń atların jiyi tilge aladı. Jáne de muzıka tiykarın joqarı dárejede bilgen XVI ásirdiń belgili muzıkantı Sultan Uvayis bolsa óz dóretiwshiligi dawamında rubabtıń grifin ózgertip, birqansha uzaytıw jolı menen qobız ásbabın oylap tabıwǵa erisken. Bunnan basqa da pikirlerge qaraǵanda hár bir ásbaptıń kelip shıǵıw tariyxı bolǵanınday qobız ásbabı haqqında da júdá qızıq hám birqansha ańızlardı atap ótsek boladı» [6:216-218].

Qobız eń áyyemgi túrk ásbabı bolıp xalqımızdıń ázelden kiyatırǵan jaǵımlı sazı ekenligi tuwralı shıǵıs xalıqlarınıń ruwxiyatında máńgi saqlanıp qalǵan Qorqıt ata tuwralı ańızlarında da kóplep kórsetiledi. Bunday ápsanalardıń birin Q.Ayımbetov belgili jırawlar Esemurat penen Qıyastan jazıp aladı.

«Qobızdıń piri IX-X ásirlerde jasaǵan Qorqıt ata hám Diywanayı burıq dep esitemiz. Bizlerden burıńǵı ótken jırawlar bılay dep ápsana qılatuǵın edi: Qorqıt ata aǵashtan qobız islep saz shertiwdi árman etipti. Júdá kóplegen aǵashlardan paydalanıp urınsa da, islegen qobızınan hesh kútilgen nátiyje shıǵara almaptı. Qorqıt atanıń qobız jonıp otırǵanın shaytanlar kórip, onnan qobızın kórsetiwin soraǵanda, Qorqıt ata shaytanlardan qobızdı jasırıptı. Sonnan soń Qorqıt ata ózin toǵaydan shıǵıp ketip baratırǵan kisige uqsatıp, jasırın túrde basqa joldan panalap barıp, shaytanlardıń óz-ara sáwbetlerin tıńlaptı. Shaytanlar bolsa Qorqıt ata haqqında bılay desip otır eken: «… Qorqıt ata júdá ájayıp is baslap atır eken, biraq aqırına shekem jetkere almaptı. Eger de Qorqıt ata qobızın toǵaydaǵı dońız súykelip quwraǵan jigildik jiydeniń aǵashınan jonsa, onnan tostaǵan shıǵarsa, onıń tostaǵanın baqırawıq túyeniń bas terisi menen qaplasa, oǵan kisnewik attıń quyrıǵınan alıp qıl taqsa, qumlıqta, tawda ósetuǵın sasıq quraydıń shiresinen (shayırınan) jaqsa, qıldıń astınan kóterip turatuǵın góne qabıqtan jonıp tiyek salsa, júdá shıqqısh ásbap bolǵan bolar edi. Qorqıt ata shaytanlardıń bul sózin esitip izine ǵırra qaytıp, shaytanlardıń aytqanınday qılıp qobızın islegen eken túrli namaǵa shertiletuǵın saz ásbabı, júdá jaqsı qobız bolıptı» [7:178-179].

Usınday ańızlardıń jáne birinde Qorqıt atanı Sırdáryanıń aǵısı boylap Karmanchadan tómenirek tawdıń etegine onı jerleydi. Onıń mazarınıń ústine Qorqıt atanıń qobızı da

qoyılǵan edi. Allanıń hámiri menen kóp waqıtqa deyin hár hápteniń juma kúnleri Qorqıt atanıń qobızınan óziniń xojayının eske alıp otırǵanday qayǵılı dawıslar shıǵıp turatuǵın edi. Qobızdıń dawısına tereńirek dıqqat awdarıp qulaq salsaq, ol óziniń karamatlı iyesin Qorqıt – Qorqıt dep shaqırıp turǵanın anıq esitiw múmkin edi.

Qobız ásbabı ázelden qaraqalpaq xalqı arasında qaharmanlıq dástanlarınıń atqarıwshıları bolǵan, tariyxtı bizge shekem jetkeriwde úlken úles qosqan jırawlar tárepinen paydalanılǵan. Yaǵnıy, jıraw – qolına qobız alıp xalıqtıń bay ǵáziynesi bolǵan dástanlardı, tariyxıy tolǵawlardı, jırlardı jırlap, jıyılǵan xalıqqa tamasha berip, olardıń arzıwármanların aytıwshı, xosh hawazlı atqarıwshı hám sázende bolıp esaplanadı. Joqarıda aytıp ótkenimizdey qobız ásbabı tek qaraqalpaqlarǵa ǵana tán bolıp qalmastan, barlıq túrk tilles xalıqlarına tán bolǵanlıǵı málim. Sol qatarı bul ásbaptıń sırtqı kórinisi, dúzilis forması, hátteki onnan taralǵan qaytalanbas ózine tán dawısı da bir- birine uqsas hám júdá jaqın bolıp kelgen. Yaǵnıy, bul ásbap bárshe xalıqlarda jup tar taǵılatuǵın saz ásbap bolıp, ol skripka, girjek ásbapları sıyaqlı tartqıshtıń járdemi menen atqarılǵan.

Qaraqalpaqlarda bul ásbap kópshilik jaǵdaylarda tut, erik aǵashlarınan islenip, onıń dástesi bir tárepke qaray iyilip kelgen boladı. Ol bas hám shanaq bolıp tiykarǵı eki bólekten quraladı. Qobızdıń gewdesi túye terisi menen qaplanıp, dástesine jılqı quyrıǵınan alınǵan jup tar taǵılıp ol kóbinese kvarta intervalına sazlanıp, bul ásbaptıń diapazonı 1,5-2 oktava kóleminde boladı. Qobızdıń kóleminiń uzınlıǵı onıń atqarıwshısı bolǵan jırawǵa baylanıslı. Bul ásbap biziń milliy ásbaplarımızdıń biri bolǵan girjek ásbabı sıyaqlı dizege qoyılıp, bas bólimi atqarıwshınıń shekesine barıp turadı hám tartqısh járdemi menen shertiledi. Biraq, bul ásbaptı oynaǵan waqıtta barmaqlar girjek sıyaqlı dástege tiymeydi. Al, qobızdı oynaǵanımızda tırnaq penen barmaqtıń roli úlken. Bul usıl flajolet dep aytıladı.

Qobız ásbabınan dórelip, atqarılıp kiyatırǵan namalarǵa «Ayǵa shap», «Sholasqan», «Jerbeyit», «Tolqın», «Aytwar», «Jan-jan», «Ullı ziban», «Kelte ziban», «Jortıwlı», «Kún shıǵar», «Ilǵal» h.t.b. mısal etsek boladı [8:53].

**Duwtar.** Duwtar ásbabı qaraqalpaq xalqı arasında oǵada keń taralıp, maqtanıshlı milliy miyrasımızǵa aylanıp, ásirler dawamında hár qanday tariyxıy jaǵdaylarda, quwanısh-qayǵısında, toy-merekelerinde birge ómir súrip kiyatırǵan milliy baylıǵımız bolıp esaplanadı. Bul ásbap «Qaraqalpaqlarda XV ásirdiń aqırı, XVI ásirdiń baslarında júdá keńnen taraǵan saz ásbap qatarına kiredi, degen boljawlarda bar. XV ásirdiń aqırı XVI ásirdiń baslarında qaraqalpaq duwtarı eki túrli bolıp soǵılǵan. Birinshi túri perdesiz bolsa, ekinshi túri perdeli bolǵan», dep keltirip ótedi Q.Áyekeev óziniń «Duwtar tariyxı. Duwtar shertiw hám soǵıw usılı» atlı kitabında [8:63].

Bul ásbaptıń kelip shıǵıwı haqqında basqa ásbaplar sıyaqlı kóp ǵana ápsanalardı ushıratamız.

Duwtar ázelden-aq arfa, sıbızǵı, sırnay, qobız, shıńqobız sıyaqlı ásbapları menen qanalas ásbap bolǵan. Sonday-aq, ol qaraqalpaq xalqınıń milliy muzıkalı ásbabı bolıp ǵana qoymastan, ol xalıq muzıkasın rawajlandırıwda hám muzıka mádeniyatın bayıtıwda tiykarǵı rol atqaratuǵın ásbap bolıp sanaladı. Xalqımız turmısında bul ásbabtıń qádir qımbatı sonshelli dárejede joqarı ekenligin hár bir qaraqalpaq shańaraǵında duwtar ásbabı ilinip turǵanınan-aq kóremiz [9:28].

Hár bir saz ásbaptıń óziniń shertiletuǵın namaları bolǵanınday, shıńqobızdıń da óz aldına atqaratuǵın namaları bar. Olar «Sıńsıw», «Jetim qız», «Qara jorǵa», «Átshók», «Eskek esiw», «Ala jorǵa», «Ǵaz ǵańqıldısı» h.t.b. namalar. Bul namalardıń qosıǵı bolmay qurı tekstsiz shertiledi. Sonıń menen bir qatarda bul namalar turmısta ushırasatuǵın ayırım obrazlardı súwretlewden ibarat.

## Ádebiyatlar


1. Adambaeva T. Revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq muzıkası. –Nókis: 1976.
2. Ayımbetov Q. «Xalıq danalıǵı». –Nókis: 1988.
3. Ayımbetov Q. «Tariyxıy qosıqlar, jırawlar repertuarında» Ámiwdárya jurnalı №7, 1964.
4. Dáwqaraev N. «Revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq ádebiyatınıń ocherkleri». –Nókis: 1961.
5. Qosbergenov R. «Qaraqalpaq xalqınıń koloniyal dáwirindegi mádeniyatı hám turmısı». –Nókis: 1970.
6. Мақсетов Қ., Палымбетов К. Қарақалпақ дәстүр қосықлары. -Нөкис: «Билим», 1997.
7. Мухаммед Хошан. Бабалардың дәстүри. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993.
8. Тажимуратов А. «Қарақалпақ халық қосықлары». –Нөкис: 1965.
9. Hadirova A. Qaraqalpaq muzıka tariyxı. –Nókis: «Qaraqalpaqstan». 2019.



**REZYUME.** Qoraqalpoq milliy musiqasi ogʻizdan ogʻizga, avloddan-avlodga, ustozdan shogirdga oʻtib kelayotgan mashhur kuy biridir. Maktablarda oʻquvchilarga milliy musiqani oʻrgatish Vatanga muhabbat tuygʻularini rivojlantiradi.

**РЕЗЮМЕ.** Национальная музыка каракалпаков является одним из знаменитых из песнопений, которое передаётся из уст в уста, из поколений в поколение, от учителя к ученику. Обучение национальной музыки учащимся в школах вырабатывает патриотизм к Отечеству.

**SUMMARY.** The national music of the Karakalpaks is one of the most famous of the chants, which is transmitted by word of mouth, from generation to generation, from teacher to student. Teaching national music to students in schools develops patriotism for the Fatherland.


# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ЭКОНОМИКАЛЫҚ РЕФОРМАЛАРДЫ ТЕРЕҢЛЕСТИРИЎ ҲӘМ ЭКОНОМИКАСЫНЫҢ ТУРАҚЛЫ РАЎАЖЛАНЫЎЫНЫҢ ТЕНДЕНЦИЯЛАРЫ


**А.К.Сарыбаев –** *тарийх илимлериниң кандидаты*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** иқтисодиётни модернизация қилиш, саноат, қурилиш, қишлоқ хўжалиги ва транспорт инфратузилмасидаги ислоҳотлар, иқтисодиёт соҳасини тубдан ислоҳ қилиш; ижтимоий ҳимоя, кичик бизнес ва хусусий тадбиркорлик, аҳоли хавфсизлигини ошириш, “Темир дафтар”, “Аёллар дафтарлари” ва “Ёшлар дафтарлари”.

**Ключевые слова:** модернизация экономики, реформы в сфере промышленности, строительства, сельского хозяйства и инфраструктуры транспортной коммуникации, коренные реформы экономической отрасли, социальная защита, малый бизнес и частное предпринимательство, повышения обеспеченности населения, «Железная тетрадь», «Женская тетрадь» и «Молодежная тетрадь».

**Key words:** modernization of the economy, reforms in industry, construction, agriculture and transport infrastructure, fundamental reforms of the economic sector, social protection, small business and private entrepreneurship, increasing the security of the population, "Iron Notebook", "Women's Notebook" and "Youth Notebook".


Қарақалпақстан Республикасында 2005-жылы экономикалық реформаларды буннан да былай тереңлестириў, экономикада жеке секторды көбейтиў, халық хожалығының барлық тараўларының турақлы раўажланыўын тәмийнлеў, сондай-ақ халықты социаллық қоллап-қуўатлаў бағдарламасының жаңа бағыты ислеп шығылды. Онда 2000-жылы басланған экономикалық реформалардың кейинги басқышында